# Жаңа көпирдиң қурылысы қашан жуўмақланады

Қарақалпақстан Республикасы Автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы балансындағы 4Р-176 “Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир” автомобиль жолының 4,5 км.де жер үсти пиядалар өтиў өткизгишиниң қурылысы белгиленген. Буйырпашы етип Өзбекстан Республикасы Автомобиль жоллары комитети жанындағы “Улыўмапайдаланыўдағы жолларды қурыў ҳәм реконструкциялаў дирекциясы” Мәмлекетлик унитар кәрханасы белгиленген. Объекттиң улыўма баҳасы 2 244,0 млн.сўмды қурайды. Ҳәзирги Ўақытта 741,0 млн.сўм муғдарындағы жумыс көлеми орынланды. Көпирди 2021-жылдың алты айлық жуўмағы менен пайдаланыўға тапсырыў режелестирилген. Бул ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы хабар берди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети